

Otorizasyon pou Revele Enfòmasyon Fèy Enfòmasyon Kliyan

Enpòtan: Yo pa ta janm dwe mete enfòmasyon ki idantifye pèsonèlman nan HMIS pou kliyan k ap sove oswa ki an danje pou vyolans nan kay, atak seksyèl oswa sityasyon kote yon moun ap pèsekite ak siveye yo. Si ou nan sityasyon sa a, pa aksepte revele enfòmasyon ou yo nan HMIS. Manadjè Dosye ou pral anrejistre yon fich anonim pou pwoteje idantite ou.

Ajans sa a kolabore ak Sistèm Enfòmasyon Jesyon Sanzabri Cambridge (Cambridge Homeless Management Information System, HMIS), yon pwojè Cambridge Continuum of Care, ki kolekte enfòmasyon osijè karakteristik ak bezwen nan sèvis moun ak fwaye ki sanzabri oswa ki gen risk pou tounen sanzabri. Enfòmasyon sa a ede kontinye finanse ak amelyore sèvis ak pwogram yo pou ou ak pou lò fwaye ki sanzabri oswa ki gen tirevni.

Yo p ap refize ba ou asistans poutèt ou pa t reponn yonkesyon, eksepte si nou bezwen repons la pou konnen si ou elijib pou resevwa yon sèvis.

Pou kapab ofri sèvis ki pi efikas pou moun ki bezwen sèvislojman epi/oswa lòt sèvis, nou bezwen konte konbyen moun ki sanzabri oswa ki gen risk ou vin sanzabri nan kominote nou an. Pou kapab asire nou pa konte kliyan yo de (2) fwa si plis pase yon ajans bay sèvis, nou bezwen ranmase kèk enfòmasyon pèsonèl. Espesifikman, nou bezwen: non, dat nesans, si se fi oswa gason, nimewo sosyal sekirite (oswa 4 dènye chif yo), ras, etnisite ak si se yon veteran.

Non ou ansanm ak lòt enfòmasyon ki idantifye ki make anlè a p ap janm gen ladann okenn rapò oswa piblikasyon. Nou pral pwoteje enfòmasyon sa a epi mete anplas politik sekirite estrik pou pwoteje enfòmasyon prive ou yo. Yo anrejistre done ou yo nan yon baz done elektwonik ki pwoteje ak mòd pas ak teknoloji enkripsyon. Chak moun ak ajans ki otorize li oswa anrejistre enfòmasyon nan baz done a te siyen yon kontra pou pwoteje sekirite ak konfidansyalite enfòmasyon yo. Kèlkeswa moun oswa ajans yo jwenn ki pa respekte kontra gendwa sankyone pou yo retire dwa yo pou jwenn aksè nan baz done a epi yo gendwa sibi lòt sanskyon toujou.

Yon lis ajans patnè andedan Sistèm Enfòmasyon Jesyon Sanzabri Cambridge la make nan do paj sa a epi li gendwa chanje detanzantan. Ou kapab wè lis ki pi resan an sou Entènèt nan <http://cambridgecoc.org/hmis-participating-agencies/>.

Ajans sa a p ap:

- Make enfòmasyon nan HMIS si li pa gen otorizasyon pou fè l
- Seleksyone enfòmasyon pou pataje li pa otorize pataje, anba kèlkeswa lwa federal, Eta oswa lokal oubyen règlemantasyon ki aplikab pou enfòmasyon kliyan.

**Otorizasyon pou Revele Enfòmasyon
Fèy Enfòmasyon Kliyan**

Ajans ki Patisipe nan HMIS

Bridge Over Troubled Waters
Cambridge MultiService Center
CASCAP, Inc.
CASPAR, Inc.
Eliot Community Human Services
Heading Home, Inc.
New Communities
Phillips Brooks House Association
Salvation Army of Cambridge
Shelter Legal Services Foundation
Vinfen